



Swen Lakay pou Granmoun Aje Eta a Finanse (Massachusetts)

Biwo Egzekitif pou Zafè Granmoun Aje nan Massachusetts bay sèvis swen nan kay pou granmoun aje ki elijib yo. Yon manadjè ka, an kolaborasyon avèk pasyan an, ap detèmine elijiblite epi apwouve sèvis ki apwopriye yo.

Sèvis yo ka gen ladan èd pou menaj nan kay, èd pou swen pèsònèl, yon pwogram sante lajounen pou granmoun, manje ke yo livre nan kay, transpò, ak jesyon lajan. Gade lis konplè a nan: mass.gov/service-details/home-care-services.

Elijiblite

Pou kalifye, yon moun dwe satisfè kondisyon pou laj, bezwen swen ak bezwen finansye.

1. **Laj:** moun nan dwe gen 60 lane oswa plis, oswa mwens pase 60 lane avèk yon dyagnostik Maladi Alzheimer epi li bezwen sèvis repi.
2. **Bezwen swen:** moun lan dwe bezwen asistans pou sèten travay **epi** li dwe gen “bezwen kritik ki pa satisfè”.
 - **Bezwen Kritik ki pa satisfè yo** gen ladan **aktivite lavi toulejou yo** (“ADL yo”: benyen, abiye, manje, fè twalèt, kontinans, transfè, ak mobilite), epi **aktivite pou viv endepandan nan kominote annapre la yo** (oswa IADL yo): preparasyon manje, fè acha, transpò medikal, ak bezwen pou sèvis sante nan kay oswa swen repi.
 - IADL siplemantè, ki pa kritik, gen nan yo lesiv, jesyon lajan, travay nan kay, itilizasyon telefòn, mobilite deyò, ak pran medikaman.
 - Selon nivo finansman an, yo ka bezwen fikse priyorite nan demann yo. An jeneral, plis kantite ADL ak IADL ki bezwen asistans yo gwo, priyorite a pi gwo. Moun ki sèlman (oswa prensipalman) bezwen èd pou IADL yo ka klase kòm priyorite pi ba oswa yo ka pa kalifye.
3. **Bezwen finansye:** An 2023, revni maksimòm pou kalifye pou swen nan kay la se \$33,659 pou yon moun oswa \$47,626 pou yon koup. Manm MassHealth yo elijib finansyèman.
 - **Remak sou sèvis repi** - Moun k ap bay swen chak jou pou yon granmoun aje gendwa kalifye pou èd pou peye pou sèvis repi. Kantite èd la depann de revni, men limit revni a pi gwo anpil pase limit swen nan kay yo ki endike anwo a. Gade nan: mass.gov/service-details/check-eligibility-guidelines-for-home-care.

Pou Aplike

Rele nan 800AgeInfo (800-243-4636 oswa TTY 800-872-0166) oswa gade nan massoptions.org/massoptions/ pou jwenn ajans **Pwen Aksè Sèvis Vyeyès** lokal ou (Aging Services Access Point, ASAP).